



K. 117.



Ringkasan Survei :


S. Babad Palambang.



Pratélan ringkesanipun suraos:

SERAT BARAD BALAMBANGAN.

B.G. no. 63.



S. Babad Balambangan.
Sekar matjapat mawi gambar.
Ukuran folio.
B.G. no. 63.

Sekar I. Katja 1. Asmaradana 58 pupuh.
Sirna ilang gunung bumi,

Inggang njerat serat babad Balambangan punika M. Purwo-
sastra ing Probolingga. Panjeratipun nalika Senen Paing 29
Sura, Ehe 1700.

Inggang djumeneng Nata ing Balambangan djedjuluk Pangé-
ran Patih, agaminipun taksih Buda. Sang Nata kagungan raji
satunggal nama Wong Agung Wilis. Rupinipun bagus tur sekti
niwah dipun sujudi kawula Balambangan.

Katjarijos Panditaripun Sang Prabu nata M. Teposana. Pa-
tihinipun kalih, inggih punika M. Sutodjiwo lan Sutonagara.
Wong Agung Wilis wau kenging gosokan rebegaipun Teposana
lan Sutodjiwa. Mila Pandjenenganipun ladjeng ambalela boten
purun sowan Sang Nata, malah sumedya ngendih karatonipun.

Sang Prabu utusan Patih Sutodjiwa kadawuhan mariksa puna-
pa sababipun dene inggang raji Wong Agung Wilis dangu boten
sowan. Patih Sutodjiwa inggih ladjeng utusan abdi Djagalatri
kinen mariksa kawontenanipun Wong Agung Wilis. Djagalatri
bidai, boten dangu sampun pinanggih Wong Agung Wilis.

Sareng Djagalatri pitaken punapa sababipun dene Pandjene-
nganipun ngantos dangu boten sowan inggang raka Sang Prabu,
dipun wangsuli kadjawi sakit, boten paedah pandjenenganipun
sowan Sang Prabu. Djagalatri mardur ladjeng sowan Sang Pra-
bu, ngaturaken sadaja kawontenan lan aturipun inggang raji
Wong Agung Wilis. Sang Prabu midunget aturipun Djagalatri
sakalangkung duka, anggawita jon inggang raji sumedya ngen-
dih keprabon. Nunten ladjeng utusan Sutodjiwa kinen nimbali
inggang raji bade kapaeranan nagari Balambangan. Wondene
pandjenenganipun narimah bade ambagawan.

Sareng Patih Sutodjiwa sampun pinanggih Wong Agung Wilis,
ladjeng ngaturaken inggang dados kersanipun Sang Prabu waw.
Dene atur wangsulanipun boten sumedya bade sowan bilih Sang
Prabu taksih sugeng. Ewadene manawi Sang Prabu meksa adreng
bade pinanggih, Wong Agung Wilis sagah sowan ing wantji da-
lu, Patih Sutodjiwa ladjeng wangsul.

Patih Sutodjiwa sampun sowan Sang Prabu ngaturaken wang-
sulanipun Wong Agung Wilis. Sang Prabu sanget duka, ladjeng
dawah supados ing wantji dalunipun sedija dedamel kapradju-
ritan.

Teposana, Sutodjiwa, Sutonagara sapunggawanipun sareng
wantji dalu ladjeng sikep dedamel andjagi karaton.

Gentos katjarijos inggang djumeneng Nata ing Nusakamba-
ngan Sang Prabu Tjakorda inggih Prabu Wanguwi. Sang Prabu
dawah dateng abdi kakalih nama Perangalas lan Djajahankotang
kinen mbekta wadyabala saking Bali tjtjah 80 ladjeng kada-
wuhan nglurug dateng Balambangan. Bilih sampun dumugi Balam-
bangan Kadawuhan ngentosi inggang mapag utusanipun Wong Agung
Wilis. Wondene dawuhipun, inggang perlu dipun pedjahi Te-
posana lan Sutodjiwa.

Sekar II. Katja II. Pangkur 43 pupuh.

Wus kendel aneng daratan,

Wadyabalanipun Prabu Wanguwi sampun sami nengga dateng-
ipun utusan saking Wong Agung Wilis. Boten dangu utusanipun
Wong Agung Wilis nama Ki Singagarit lan Ki Balengker dateng.
Nunten ladjeng sami mlebet ing kita Balambangan. Ki Baleng-
ker sampun tampi dawah saking Wong Agung Wilis andikakaken
medjahi Teposana lan Sutodjiwa.

Djagalatri inggang djagi Balambangan sareng karoban meng-
sah mladjeng atur uninga ing gustinipun. Wasana ladjeng wi-
wit perang tjampun rame. Teposana lan Sutodjiwa sami mladjeng
ngungsi gesang ing djawi kita. Dene Sang Prabu sagarwa putra
ugi lolos. Kaderekaken Sutojiwa sawadyabalanipun minggah
redi, inggang bade kadjudjug ing Djember.

Gentos katjarijos Wong Agung Wilis namung mundut endasi-
pun Teposana lan Sutodjiwa, dene barang djarahan kapasrahaken
Sang Prabu Bali.

Wong Agung Wilis anggelaraken awonipun Teposana lan Suto-
djiwa. Wontenipun Pangeran Patih (Nata Blambangan) boten pu-
run sowan dateng Bali inggih sabab saking aturipun titijang
kalih punika. Pedjahipun Pangeran Rangga ugi saking punika.
Djojohankotang ladjeng sowan Sang Prabu ing Bali.

Katjarijos Pangeran Patih wonten ing dusun Sentong sampun kadep Sutodjiwa, Sutonagara saandahanipun. Sami ngrembag kadospundi amrih wiludjengipun lələmpahan. Saking aturipun Sutodjiwa, Pangeran Patih supados ngungsi dateng Kumpeni ing Prabalingga. Puna-pa malih ingkang dados Bupatinipun inggih taksih sentananipun Sang Prabu pijambak, nama Djajalalana.

Sekar III. Katja 8. Dandanggula 38 pupuh.

Sutodjiwa akarjaa tulis,

Pangeran Patih dawuh dateng Sutodjiwa kinen damel serat dateng Bupati Prabalingga Djajalalana saha Adipati Madura Panembahan Agung Tjokroadiningrat. Suraosipun supados mratelakaken bilih Blambangan kabedah mengsah. Pangeran Patih neda tulung amrih manggih wiludjeng Nunten utusan maringaken serat dateng Adipati Djajalalana.

Adipati Djajalalana saweg lenggah tinangkil kesaru datengipun Teposana lan Pusponagara ngungsi gesang. Saweg salebetipun imbal watjana kasar datengipun utusan saking Blambangan ngaturaken serat. Serat sampun tinampen, winaos suraosipun, ngaturi pirsu bab lələmpahanipun Pangeran Patih neda tulung ngungsi gesang. Dene utusanipun supados kalantaraken sowan Adipati Madura. Utusan Blambangan ladjeng kairid Adipati Djajalalana manggih Kumpeni ing Pasuruhan rumijin, djalaran punika ingkang dados pelawanganipun.

Enggaling tjarijos utusan Blambangan sampun sowan Adipati Madura ngaturaken serat. Serat sampun tinampen dening Adipati Madura, suraosipun, Pangeran Patih njuwan tulung ngungsi gesang lan masrahaken nagari Blambangan ingkang sampun kabedah dening Adipati Bali. Punapamalih supados kalantaraken neda pitulungan Kumpeni.

Utusan Nata Balambangan ladjeng kairid utusanipun Adipati Madura manggih pangagenging Kumpeni tuan Sakeber ing Surabaja. Sareng pinanggih rerembagan perlunipun, ladjeng bibaran.

Katjarijos Nata Balambangan saweg imbal watjana kalijan Sutodjiwa ngrembag awonipun Teposana, kesaru utusanipun Wong Agung Wilis dateng. Nata Balambangan dipun aturi kondur wangsul dateng Balambangan, awit Wong Agung Wilis boten bade ambalela. Nanging Sang Nata boten kersa. Utusanipun Wong Agung Wilis sampun tinundung wangsul.

Sekar IV. Katja 12. Durma 31 pupuh.

Sigra mundur wau sira Ki Wajahan,

Utusanipun Wong Agung Wilis kanti bala Bali madosi Teposana lan Sutodjiwa bade nigas djangganipun.

Katjarijos Pangeran Patih wonten pangungsən kedatangan sowanipun Teposana ngaturaken serat saking Madura. Dumadakan ing djawi geger kedatangan mengsah saking Bali. Balanipun Pangeran Patih ladjeng perang kalijan bala Bali. Teposana lan Sutodjiwa sami andelik ladjeng mladjeng.

Katjarijos Pangeran Patih sawadyanipun sami mesanggrahan wonten dusun Tambak tepis wiring Basuki. Ing ngriku sami rerembagan endjingipun bade ngungsi dateng Adipati Djajalalana ing Prabalingga. Pangeran Patih dawuh nimbali utusan ing Probolingga. Boten dangu mantri ing Probolingga sowan Pangeran Patih.

Sekar V. Katja 14. Asmaradana 76 pupuh.

Tan kotjapa ingkang brangti,

Katjarijos pangagenging Kumpeni tuan Sakeber Surabaja, Adipati Tjokrodiningrat Madura kanti wadya Kumpeni sami bidal numpak baita metu Nata Balambangan. Dene ingkang sami ngiring lampahipun tuan Sakeber wau: Kaptin Tjina Surabaja, Kaptin Kumpeni, Tumenggung Nitinagara Pasuruhan tuwin Kaptin Kobis. Sareng sampun dumugi papan ingkang sinedya sami kendel mesanggrahan.

Katjarijos tuan Sakeber kedatangan utusanipun Nata Balambangan atur uninga jen lampahipun Sang Nata kandeg wonten sukuning redi Djurang Arak-arak. Tuan Sakeber ladjeng dawuh dateng Kumpeni metu lampahipun Sang Nata. Sareng Kumpeni ingkang metu sampun pinanggih Sang Nata ladjeng sesarengan bidal. Boten dangu Sang Nata Balambangan sampun pinanggih tuan Sakeber lan Adipati Madura, ladjeng daharan. ~~Sarengipun~~ Tuan Sakeber pitaken sababipun Sang Nata kendang saking Kraton. Nata Balambangan ngaturi pirsu jen kratonipun kabedah dening rajinipun pijambak Wong Agung Wilis, dipun bijantu wadyabala Bali. Saladjengipun Sang Nata Balambangan njuwan tulung dateng Tuan Sakeber, kadospundi sagedipun wangsul dateng Balambangan. Wondene

Sang Nata anggenipun neda tulung dateng Kumpeni wau kanti ngaturaken prasetya.

Katjarijos tuan Sakeber wangsul dateng Surabaya, Adipati Tjokrodiningrat dateng Madura, dene Pangeran Patih kendel wonten Probolingga.

Katjarijos tuan Sakeber sadumuginipun Surabaya ladjeng utusan ngaturaken serat dateng pangagengipun Djendral Semarang.

Inggang dados Djendral Semarang nama Ideler Semberek, saweg lenggah kaadep wadyabalanipun lan Bupati Semarang nama Suraadimeng-gala, sami amangun suka undjuk2an.

Sekar VI. Katja 18. Sinom 39 pupuh.

Tan adangu akasukan,

Ideler Semberek saweg etja mangun suka kasaru utusan saking tuan Sakeber Surabaya dateng ngaturaken serat. Serat sampun tinampen Ideler, binuka suraosipun, jen Nata Balambangan kendang saking kratonipun, Dene djalaranipun kagebag perang wadyabala Bali serajanipun Wong Agung Wilis. Ing saladjengipun Nata Balambangan, wau njuwun tulung dateng Kumpeni kanti ngaturaken prasetya. Ideler Semberek damel serat wangsulan ladjeng kaparingaken dateng utusanipun tuan Sakeber, utusan ladjeng wangsul. Boten katjarijos lampahipun utusan sampun dumugi Surabaya pinanggih tuan Sakeber. Serat sampun tinampen dening tuan Sakeber, winaos suraosipun, Kumpeni boten kapareng mitulungi Nata Balambangan. Nanging malah kadawuhan nundung.

Tuan Sakeber ladjeng ngaturi pirsu dateng Adipati Madura saha ladjeng dawuh dateng Kumendan Kobis ing Pasuruhan, andikakaken nundung Nata Balambangan. Kumendan Kobis utusan angaturi Tumenggung Nitinegara ing Surabaya. Sareng Tumenggung Nitinegara sampun pinanggih Kumendan Kobis, dipun aturi pirsu ingkang dados kersanipun Kumpeni, inggih punika kadawuhan nundung Pangeran Patih, wondene prasetyanipun dateng Kumpeni boten katampi. Wasana Kumendan Kobis kalijan Tumenggung Nitinegara kanti wadya kumpeni ladjeng dateng ~~Suraadimeng-gala~~ Probolingga. Sareng dumugi Probolingga sampun pinanggih Bupati Probolingga nama Djojolelana. Kumendan Kobis neda pinanggih Pangeran Patih. Boten dangu Pangeran Patih ladjeng pepanggihan kalijan Kumendan Kobis tuwin Nitinegara. Kumendan Kobis nglairaken, jen kumpeni boten purun nulung, ingkang dados prasetyanipun boten katampi. Dawuhipun Ideler, Pangeran Patih supados kesah lan sampun ngantos ngambah siti wewengkon Kumpeni.

Katjarijos Pangeran Patih sagarwa putra kadèrèkaken Sutodjiwa ladjeng ngungsi dateng Lumadjang.

Sekar VII. Katja 21. Dandanggula ³⁸ 36 pupuh.

Kawarnaa wau dandang putih,

Katjarijos wonten peksi dandang petak mungel asung sasmita. Jen tjetaa saged tata-djalmi suraosipun, suka sumerep bilih lelampahanipun Pangeran Patih anggenipun nandang papa tjintraka punika pantjen sampun pastining Hyang Agung, lan ing tembe nagari Balambangan dados wana ageng. Ladjeng wonten ingkang madeg Nata malih, nanging sanes darahipun Pangeran Patih.

Sareng lampahipun Nata Balambangan sampun dumugi Lumadjang ladjeng pinanggih Tumenggung Kartanagara.

Katjarijos Prabu Manguwi Nata ing Bali lenggah tinangkil kaadep ing wadya, paring pangandika, jen ingkang kagadang djumeneng Nata Balambangan Ki Kutabedah kaleres sentananipun. Ki Kutabedah atur uninga dateng Sang Nata, jen Pangeran Patih neda tulung dateng Kumpeni. Sang Nata Bali ladjeng utusan nimbali Pangeran Patih, sadadyan ngungsi dateng sinten kemawon kadawuhan murdut.

Ki Tambakbaju kanti wadya wolung dasa bidal ngupadosi Pangeran Patih. Lampahipun Ki Tambakbaju sampun dumugi Balambangan, ladjeng manggihi Wong Agung Wilis. Ki Tambakbaju suka sumerep jen kautus Nata Bali kadawuhan nimbali Pangeran Patih. Ki Tambakbaju angsal bijantu balanipun Wong Agung Wilis, ladjeng madosi Pangeran Patih.

Gentos katjarijos Adipati Lumadjang utusan abdi pitu atur priksa dateng Nata Bali jen Pangeran Patih wonten Lumadjang. Lampahipun utusan wau pinanggih Ki Tambakbaju, wasana ladjeng sami wangsul dateng Lumadjang.

Adipati Lumadjang saweg lelelggahan kalijan Pangeran Patih kasaru datengipun utusan saking Bali. Utusan matur jen kautus Nata

Bali ambojong Pangeran Patih wangsul dateng Balambangan. Awit Sang Nata Bali welas dateng Pangeran Patih. Lan malih ingkang raji Wong Agung Wilis ugi ngadjeng-adjeng. Tambakbaju nakekaken Teposana lan Sutodjiwa. Dipun wangsuli, jen tijang kalih punika sampun pisah, boten ngretos purugipun. Pangeran Patih sakulawarga sami bidal kabojong wangsul dateng Balambangan.

Sekar VIII. Katja 25. Asmaradana 70 pupuh.

Katjatur samadya sasi,

Lampahipun Pangeran Patih sampun dumugi Balambangan sampun pinanggih ingkang raji Wong Agung Wilis lan Tambakbaju. Endjingipun Tambakbaju wangsul dateng Bali, perlu ngaturi uninga dateng Prabu Tjakorda.

Boten katjarijos lampahipun Tambakbaju sampun sowan Prabu Tjakorda, ngaturi uninga jen Pangeran Patih sampun pinanggih wonten Lumadjang. Dene samangka sampun wonten Balambangan. Dawhipun Prabu Tjakorda, Pangeran Patih kinen nimbali. Ing wanti tengah dalu Tambakbaju bidal, endjingipun sampun dumugi kita Balambangan. Sareng Tambakbaju sampun pinanggih Pangeran Patih lan Wong Agung Wilis, ladjeng matur, jen Pangeran Patih katimbalan dateng Bali, dene Wong Agung Wilis kadawuhan anderekaken lampahipun. Pangeran Patih ngrasuk busana petak ladjeng bidal kaderekaken Wong Agung Wilis.

Katjarijos Prabu Tjakorda lenggah ing pendapi kasarwa sowanipun Tambakbaju ngaturaken Pangeran Patih lan Wong Agung Wilis. Prabu Tjakorda pitaken sababipun Pangeran Patih kendang saking kraton. Pangeran Patih ngaturi keterangan, sababipun sakawit saking tjrah kalijen adinipun pijambak Wong Agung Wilis. Prabu Tjakorda nakekaken Teposana lan Sutodjiwa wonten pundi. Pangeran Patih mangsuli boten sumerep, awit kala samanten ladjeng pepisahan. Wasana Pangeran Patih ladjeng dipun aturi mesanggrahan. Pangeran Patih ladjeng mesanggrahan. Prabu Tjakorda dawuh dateng Wong Agung Wilis supados djumeneng Nata ing Balambangan. Wong Agung Wilis matur dereng sagah jen Pangeran Patih taksih gesang. Wong Agung Wilis ladjeng kadawuhan lerem dateng Kaba-kaba dalemipun ingkang paman Gusi Murah. Wong Agung Wilis inggih ladjeng mangkat.

Katjarijos para garwa putra sentananipun Pangeran Patih nusul Pangeran Patih dateng Bali. Sareng sampun pinanggih sami rerebagan, njarijosaken lalampahanipun, pepuntonipun ladjeng mupus pepesten.

Katjarijos Prabu Tjakorda nimbali abdi Djagabéla tjatjah 800 ingkang sami gagah prakosa. Para abdi ugi sampun sami sowan ing ngarsa Nata.

Sekar IX. Katja 29. Pangkur 27 pupuh.

Gusti Agung angandika,

Gusti Agung Tjakorda dawuh dateng abdi Djagabéla kadawuhan ngeteraken lampahipun Pangeran Patih wangsul dateng Balambangan. Wondene manawi sampun dumugi pelabuhan, para estri kewanon ingkang kadawuhan numpakaken baita, Pangeran Patih lan tijang djaler sadaja kadawuhan nglunasi. Abdi Djagabéla tjatjah 800 sampun manggihi Pangeran Patih, matur jen kautus Sang Prabu Tjakorda, kadawuhan anderekaken kondur Pangeran Patih. Dene anggenipun bekti bala katah punika namung andjagi bokmanawi wonten bebaja ing margi, awit wonten kabar jen Kumpeni bade anggebag Bali.

Pangeran Patih sagarwa putra sentana sami bidal kaderekaken wadyabala Djagabéla. Sareng lampahipun dumugi pasisir dusun Sesek, para putri katumpakaken baita, lajar rumijin. Pangeran Patih ladjeng dipun sedani. Pangeran Patih sambat dateng garwa putra supados lajonipun katunggilaken kalijen tjandinipun kadi-lajan kakekipun. Dene tijang djaler sadaja ugi sampun kapedjahan, lajon katjemplungaken samudra.

Katjarijos sasedanipun Pangeran Patih ing nginggil wonten suwanten: bendjing wonten ingkang malesaken, dene ingkang dador lantaran garwanipun Nawangsasi. Kadjeng lajon ladjeng kalabuh satengahing saganten.

Sekar X. Katja 31. Dandanggula 30 pupuh.

Kawarnaa wau Sri Bupati,
 Katjarijos Prabu Tjakorda Bali lenggah tinangkil ing pagelaran kedatengan sowanipun abdi Djagabela ingkang mentas kautus nje-dani Pangeran Patih lan sanèsipun. Abdi wau ngaturi pirsa jen Pangeran Patih sampun pedjah. Prabu Tjakorda ladjeng dawuh dateng Gusi Murah lan Kutabedah kinen mengku nagari Balambangan. Gusi Murah lan Kutabedah bidai kaderekaken wadya dateng Balambangan. Sareng dumugi Balambangan sampun kapetuk dening para mantri Balambangan. Gusi Murah lan Kutabedah andawuhaken ingkang dados karsanipun Nata Bali.

Inkang dados pangadjengipun mantri Balambangan: Ki Gadjahgulingan lan Tambakbaju sampun sami nata para abdi Balambangan sadaja. Ladjeng andawuhaken, supados sadaja sami manut miturut dateng Gusi Murah lan Kutabedah, awit punika ingkang anggentosi Nata Balambangan. Saladjengipun Ki Gadjahgulingan lan Tambakbaju pamit wangsul dateng Bali. Sadumuginipun Bali sowan ing ngarsa Nata ngaturaken kawontenan Balambangan. Sang Nata sakalangkung sika ladjeng bibaran, kondur ngedaton.

Katjarijos Gusi Murah lan Kutabedah lenggah tingkangkil ing pagelaran kaadep para mantri lan wadya alic sadaja, kesaru sowanipun satrija kalih saking Balambangan, ingkang sepun nama Kemas Djeka ingkang enem Kemas Anom. Satrija kalih wau ladjeng kadadosaken pangagenging punggawa sadaja.

Kutabedah mundut ladosan dateng satrija kalih, kinen ngupados tiyang ingkang sugih² lan prawan ingkang aju², sarta meling bawunika sampun ngantos kamirengan Prabu Tjakorda Bali.

Katjarijos para sentana, garwalan putranipun Pangeran Patih sami andelik, umetan wonten redi utawi mantja dusun. Garwanipun Pangeran Patih Retna Nawangsasi, putra Retna Mangrang lan Sutonegara sadangunipun katilar Pangeran Patih mananipun sami sisah tansah asesambat.

Sekar XI. Katja 34. Sinom 15 pupuh.

Data tita Balambangan,

Gentos katjarijos ing nagari Batawi (Djakarta) ingkang dju-meneng Gurnadur Djendral Pan der Pah lenggah ing Pagelaran kaadep Patih, para Opsir, Hideler, Komissaris lan sapanunggilanipun angrembag pamedaling tanah Djawi. Ing saladjengipun ngrembag gegentosipun Gupernur ing Semarang, awit sampun tigang taun. Golonging rembag ingkang anggentosi wonten Semarang Djonsnis Pos.

Sekar XII. Katja 36. Asmaradana 49 pupuh.

Djohanis umatur aris,

Djohanis Pos sasampunipun tampi dawuh piweling saking Gurnadur Djendral Betawi supados saged suwita Nata Djawi ladjeng numpak baita bidal dateng Semarang.

Katjarijos Deler Gupernur Sembèrèk Semarang lenggah ing Pagelaran sineba para Bupati bang wetan lan kilen sadaja. Hideler ngandika dateng Adipati Madura sakartjanipun bilih pijambakipun pamit bade mantuk dateng Betawi, sabab bade dipun gentosi. Sadaja para Bupati dipun tedani sanga arta kanti lilaning manah. Para Bupati inggih ladjeng sami ngaturi arta lan radjabrana. Wasana katungka datengipun Djohanis Pos ingkang bade anggentosi. Sasampunipun tetabikan ladjeng sami lenggah. Hideler Sembèrèk masrahaken kuwadjiban lan panguwaosipun Djendral dateng Djohanis Pos. Inkang pinasrahan ugi sampun nampeni. Deler Sembèrèk ladjeng pamitan dateng sadaja kemawon nunten bidal dateng Betawi.

Katjarijos Djendral Semarang enggal andangu dateng Adipati Madura: "Sinten ingkang pantes dipun gentosi?" Wangsulipun: "Sakeber ing Surabaya, awit sampun dumugi mangsanipun." Djendral Djohanis ladjeng mendet serat nawala saking Betawi, kadawuhan maringaken dateng Petor Djepara Tuan Koppegrun, awit punika ingkang kinarsakaken anggentosi. Ing wekdal punika Koppegrun ugi ngadep wonten ngriku. Serat pinaringaken, sampun tinampen. Koppegrun bidal dateng Surabaya. Wasana sadaja ladjeng bibaran, kondur sowang².

Sekar XIII. Katja 39. Sinom 31 pupuh.

Jata wau kawarnaa,

Nenggih katjarijos Panembahan Adipati Madura nitih baita lelangen gangsa kanti kaderekaken para selir. Wonten satunggaling selir ingkang gandes luwes aju ing warni nama Rutjitawati. Sang Adipati sakalangkung ing tresnanipun. Lampahipun baita sampun du-

mugi pelabuhan Surabaya. Adipati Madura ngiring para bupati sadaja sampun pinanggih tuan Sakeber ing Surabaya ladjeng tata lenggah, ngenitosi rawuhipun Petor Djepara. Boten dangu Petor Djepara dateng nitih kapal kanti ngungelaken tanda marjem. Kumpeni Surabaya ugi njauri ngungeaken marjem. Sasampunipun pepanggihan ladjeng pista dahar. Bibar dahar Petor Djepara nampekaken serat nawala saking Betawi. Suraosing serat, kersanipun Gurnadur Djendral Betawi tuan Sakeber kadjudjung dados Gupernur ing Wandan lan Ternate, dene ingkang kagentosaken kalenggahanipun Petor Djepara. Tuan Sakeber Surabaya ladjeng masrahaken nagari Surabaya dateng Petor Djepara, wasena ladjeng pamitan bidal dateng Betawi.

Sekar XIV. Katja 41. Pangkur 62 pupuh.

Tan kotjape kang alajar,
Gurnadur Djendral Betawi lenggah kaadep para pangageng Kumpeni para Bupati sasaminipun. Gurnadur Djendral dawuh manawi wonten kapal Inggris dateng bade mlebet tanah Djawi sanadyan tjarijosipun dagang supados kawangsulaken. Awit sadjatosipun anggenipun dagang namung kangge xx aling2 (topeng) kemawon, nanging sedyanipun bade djadjah. Inggang dinawuhan sami matur sandika. Katjarijos nagari Balambangan ingkang djumeneng Gusi Murah lan Kutabedah, paprentahanipun resah, asring andjedjarah, ngepek bodjong Tijang sasaminipun. Tijang2 Balambangan sami sambat. Wasana ladjeng sami gadah punagi: manawi wonten ingkang saged ngawonaken Gusi Murah lan Kutabedah, sami bade ngawula, sanadyan kareha Kumpeni asal sae paprentahanipun.

Katjarijos wonten tijang dagang kalin, tilas prijantun, nama M. Purbakara lan Puspanagara grija ing Probolingga sami mondok kaleres anak nama M. Anom. Ing ngriku sami rerembagan. M. Purbakara sagah dados lantaran sagedipun angsal pitulungan Kumpeni, uger bendjing pijamalipun dados Patih. M. Anom ngrudjuki, ladjeng damel serat. Serat katampi M. Purbakara, nunten bidal kalijan M. Puspanagara.

Katjarijos Kutabedah lan Gusi Murah saweg lenggah tinangkil kasarur datengipun tijang Inggris asengadi lampah dagang. Tijang Inggris ngaturi barang mawarni-warni, nunten sami sobatan.

Tuan Sakeber ing Surabaya lenggah kaadep ing wadya, wasana tampi pelapuran, jen ing Balambangan kalebetan tijang Inggris. Tuan Sakeber ladjeng damel serat pelapuran dateng Djendral Semarang.

Inggang kautus dateng Semarang sampun pinanggih lan Djendral Semarang. Serat sampun tinampen, suraosipun: tuan Sakeber Surabaya ngaturi pirsajen ing Belambangan sakutu lan Inggris. Djendral Semarang ladjeng ngrembag kawontenan Balambangan kalijan para Opsir. Sareng rembag sampun golong, Djendral Semarang ladjeng ngaturi serat dateng Betawi.

Sekar XV. Katja 46. Dandanggula 45 pupuh.

Tan adangu wau sampun dadi,
Djendral Semarang utusan opas kalih ngaturaken serat dateng Gurnadur Djendral Betawi. Opas kalih mangkat, datengipun andjudjug manggihi Komissaris, wasana ladjeng kairid sowan Gurnadur Djendral njaosaken serat. Serat sampun tinampen, kadada sasuraosipun.

Endjingipun Gurnadur Djendral lenggah pagelaran nimbali pangageng Kumpeni sadaja, Sasampunipun sami sowan ladjeng kaparingan sumerap, jen wonten utusan saking Djendral Semarang ngaturaken serat. Serat ladjeng kawaos dering Sekretaris, suraosipun: Djendral Semarang ngaturi pirsajen Balambangan kedatengan tijang Inggris ladjeng sakutu. Saking panjuwunipun Djendral Semarang lan Sakeber Surabaya, kaparenga enggal kagebag perang kemawon. Putusaning rembag panjuwunan wau kaparengsken. Gurnadur Djendral Betawi ladjeng paring serat wangsulan. Opas kalih ladjeng wangsul dateng Semarang.

Katjarijos Gupernur Semarang lenggah kaadep para punggawa pepak sapradjuritipun, ngrembag bade anggebag nangkoda Inggris lan Blambangan, keseru datengipun opas kalih ingkang kautus saking Betawi kanti ngaturaken serat wangsulan. Serat sampun katampen dening Gupernur Semarang. Sareng biruka, suraosipun: bab anggenipun njuwun idi bade gebag Balambangan lan nangkoda Inggris kaparengaken, malah ladjeng kadawuhan nindakaken. Saking bingahing manah para Kumpeni ladjeng ngungelaken tengara mrijem. Gupernur Djendral

Semarang ladjeng tindak dateng Surabaya perlu ngrembag lan Sakeber ingkang bade kapatah madjeng perang.

Sekar XVI. Katja 50. Asmaradana 54 pupuh.

Jata wan Sri Bupati,
Tindakipun Gupernur Djendral Semarang dateng Surabaya kaderekaken wadya Kumpeni Legunder, tindhipun nama Balengker.
Katjarijos Sakeber ing Surabaya lenggah kaadep wadya lan para bupati. Sakeber ngandika dateng Adipati Madura, bilih tampi serat saking Gupernur Djendral Semarang kanti serat nawala saking Gurnadur Djendral Betawi, dene surasipun serat, kadawuhan anggebag nagari Balambangan. Bab panggebagipun perang kapasrahaken Adipati Madura. Dereng ngantos kendel anggenipun sami imbal watjana kasari rawhipun Gupernur Djendral Semarang. Ideler Semarang ngandika dateng Adipati Madura masrahaken panggebagipun nagari Balambangan. Wasana ladjeng ngandika dateng Bupati Surabaya lan para pangageng Kumpeni sami kadawuhan tata-tata dedamel perang.

Adipati Madura matah ingkang putra R. Tjokronagara dados senapati perang, dipun kantenani kang paman Pandji Suradiningrat lan R. Demang Kartajuda. Enggaling tjarijos R. Tjokronagara kanti pradjurit 5000 bidal dateng Balambangan. Wadya Kumpeni dipun tindhi Balengker lan Kumendan Pasuruhan, nunten sami bidal.

Katjarijos lampahipun sami numpak baita medal saganten. Bupati Bangil sawadyabalanipun inggih sami oidal nusul dateng Balambangan.

Sekar XVII. Katja 53. Pangkur 81 pupuh.

Tan kotjapa kang bibaran,
Adipati Madura boten kondur. Wonten lodji Surabaya tansah rerembagan kalijan Sakeber bab kawontenan Balambangan.
Gusi Murah lan Kutabedah mireng pawartos jen Kumpeni nglurugi perang ladjeng dawuh dateng wadya kinen ndjagi ingkang santosa. Wasana ladjeng ngaturu serat dateng Bali.

Boten dangu ing djawi zeger. Wadya Panarukan lapur dateng Gusi Murah lan Kutabedah, bilih wonten baita mengsah Kumpeni kalijan wadyabala Madura dateng. Gusi Murah lan Kutabedah dawuh, para wadyabala kinen sami patjak baris. Boten antawis dangu wadyabala Balambangan ladjeng perang kalijan pradjurit Madura tuwin Kumpeni. Wadya Balambangan sami lumadjeng. Sawenehing wadya Panarukan wonten ingkang nungkul dateng Kumpeni. Enggaling tjarijos pradjurit Balambangan sampun nungkul dateng Kumpeni.

Senapati pradjurit Madura R. Tjokronagara sarentjangipun rerembagan kalijan pangagenging Kumpeni ing bab kaprajitnening tumindak. Wadya Madura lan Kumpeni salong djagi ing seganten bokmanawi wonten pradjurit saking Bali bijantu Blambangan.

Gusi Murah lan Kutabedah dipun aturi pira Demang Ngulung jen mengsah sampun dateng. Prijagung kslih ladjeng ngrasuk busana kapradjurit, mangagengi pradjurit Bali lan Balambangan, magagaken datengipun mengsah. Boten dangu ladjeng perang rame kalijan pradjurit Madura tuwin Kumpeni. Wadya Bali katah ingkang sari pedjah, dene wadya Balambangan sami nungkul, djalaran tijang Balambangan sami sengit dateng tindakipun Gusi Murah lan Kutabedah.

Gusi Murah lan Kutabedah suserap wadyanipun sami mawut, wadya Balambangan katah ingkang sami nungkul tawin mladjeng.

Sekar XVIII. Katja 59. Dandaanggula 29 pupuh.

Kawarnaa kang menang adjurit,
Pradjurit Kumpeni lan Madura sareng menang perang sami seneng manahipun, ladjeng mesanggrihan wonten ing Banjualit sadjawining kita. Sinengkalan: Eupinging tjeleng ambungkar bumi (th. 1682).

Endjingipun Adipati Madura sarentjangipun rerembagan kalijan para pangageng Kumpeni. Kumpeni ladjeng masrahaken dateng pangageng pradjurit Madura supados tijang alit Balambangan sami nungkul. Inggah dipun pasrahi boten sagah. Wasana ladjeng kapasrahaken R. Teposana (Pandita Nata Balambangan rumijin).

R. Puspangara pinanggih R. Teposana kanti ngirit wadya

Balambangan sumedya nungkul dateng Kumpeni. K. Teposana ladjeng lapur dateng Kumpeni, bilih k. Puspongara sowan ngirid mantri-nipun nama Ki Mas Anom, Wangsengsari lan Puspaningrat kanti ambekta wadyanipun sumedya nungkul. Kumpeni sampun nampeni kanti bingahing manah. Ladjeng mundut bulabekti malih supados ngladaken endasipun Gusi Murah lan Kutabedah tulin tindihipun pradjurit Bali. Mantri tiga sagah ladjeng mangkat medosi Gusi Murah lan Kutabedah. Lampahipun pinanggih Ki Mas Sularan lan Ki Mas Djeka. Mantri tiga suka sumerep jen anggenipun nungkul dateng Kumpeni sampun katampen, ladjeng mundut ladosan endasipun Gusi Murah lan Kutabedah. Ki Mas Sularan suka manahipun ladjeng sagah bade nigas djangganipun tiyang Bali sadaja.

Gusi Murah lan Kutabedah rerembagan, sarehning para mantri Blambangan sampun sami balik nungkul dateng Kumpeni, prajogi mantuk kemawon dateng Bali. Gusi Murah boten purun, luwung pedjah wonten wadyaning peperangan tinimbang mudur.

Sekar XIX. Katja 61. Durma 26 pupuh. difa

Jen serbada Mas Anom diya priksa,
Gusi Murah lan Kutabedah dawuh dateng Perangelas, Bekel Senting lan Wajahankotang kiner ngrampog Mas Anom lan para mantri Blambangan. Inggang dinawuhan mangkat, nundungi tiyang alit2. Lampahipun pradjurit Bali pinanggih pradjurit Balambangan, wasana ladjeng dados perang tjempuh rame. Wadya Bali katah ingkang sami pedjah. Bekel Senting perang tarding lan Wangsengsari. Bekel Senting pedjah. Wosipun tindihi pradjurit Bali katah ingkang sami pedjah. Wadyabala alit sami mladjeng ngungsi gesang medosi gustizipun Gusi Murah lan Kutabedah ingkang wonten logantang. Sareng sampun pinanggih ngaturaken kawontenan. Gusi Murah lan Kutabedah ladjeng ngrasuk busana kapradjaritan, pamitan para garwa lan seliripun ladjeng mladjeng perang.

Sekar XX. Katja 63. Pengkur 23 pupuh.

Dupi medal saking natar,
Sareng Gusi Murah mangkat wadyeng perang, garwanipun anderek tut wingking. Boten dangu katungka datengipun Perangelas lan Wajahankotang sebalanipun ingkang taksih gesang, ngaturi pirsu bilih Bekel Senting lan Demang Ngulung sampun pedjah. Dene tiyang Balambangan ugi katah ingkang sami pedjah.

Gusi Murah lan Kutabedah tjantjut maragaken judanipun Ki Mas Anom sapradjuritipun. Boten dangu Mas Anom sapradjuritipun dateng. Wasana ladjeng dados perang rame. Wadyabala Bali katah ingkang sami pedjah. Kutabedah ngamuk, dipun brondongi sandjata pradjuritipun Mas Anom pedjah. Gusi Murah ngamuk, kencing sandjata sakit boten saged glawat. Perangelas lan Wajahankotang ngamuk sapradjuritipun sami ambeg pedjah. Pradjurit ing Balambangan ugi katah ingkang sami pedjah.

Katjarijos garwanipun Gusi Murah kalih pisan, seliripun saita putranipun sami dateng anungkemi Gusi Murah. Gusi Murah ngandika dateng para garwa, jen pantjen tresna dipun djak sareng pedjah. Para garwa mengesuli purun. Munten kasuduk dening Gusi Murah pijsambak, wasana sami pedjah. Tiyang Logantang sami gumun ningali kawontenan walaten punika.

Sekar XXI. Katja 65. Asmaradana 13 pupuh.

Kedya gudel dadaganzi,
Garwanipun Gusi Murah sambat melas-asih ladjeng nimbali ingkang putra. Inggang putra dateng, ladjeng dipun pamiti, jen pijsambakipun bade pedjah. Gusi Murah inggih ladjeng nimbali ingkang putra. Sareng ingkang putra kalih pisan sampun sami ngrangkul pandjenenganipun, ladjeng kasuduk pisan. Seliripun kalih sami sumerep, ladjeng mladjeng, adrihi manawi katut dipun pedjahi. Enggaling tjarijos Gusi Murah, Kutabedah sawadyabalanipun sadaja djangganipun sampun sami dipun tigasi dening pradjurit Balambangan. Ing saladjengipun Mas Anom sawadyanipun sami ngaturaken sirahipun tiyang Bali dateng Kumendan Kumpeni.

Sekar XXII. Katja 66. Dandanggula 11 pupuh.

Mas Sularan kang kantun nagari,
Mas Anom sawadyanipun sami sowan Kumendan Kumpeni kanti ngaturaken endasipun Gusi Murah, Kutabedah lan para mantri Bali. Inggang boten tumut sowan namung Mas Sularan, djalaran sampun

pitados dateng Mas Anom.

Sareng Mas Anom sampun pinanggih Kumendan Kumpeni, ladjeng ngaturaken endasipun Gusi Mura, Kutabedah lan para mantri Bali. Dene ingkang dereng pinanggih namung Ki Wajahankotang pi-jambak, boten kantenan kesahipun. Ing nggiku saweg pinudju rame ningali endasipun tijang2 Bali, kesaru datengipun utusan saking Ideler Semarang nama Surawidjaja ngaturaken serat. Serat sampun tinampen dening Kumendan Balengker, binuka suraosipun: Ideler Semarang ngutus Surawidjaja kadawuhan bijantu Kum-peni lan mriksa endasipun tijang2 Bali. Punapa malih kadawuhan mriksa tijang Blambangan ingkang dereng nungkul. Dene ingkang kadawuhan ngrentjangi Ki Tepasana lan Bekel Lanti. Kumendan Balengker damel serat ngaturi pirsu dateng Sakeber Surabaya. Serat kaparingaken dateng wadya Salagala ladjeng kabakta dateng Surabaya.

Sekar XXIII. Katja 67. Asmaradana 56 pupuh.

Sigege ingkang lumaris,

Katjarijos Ideler Semarang masanggrahan wonten Surabaya. Rinten dula lelunggahan lan Sakeber ngadjeng-adjeng keterangan ingkang sami andon perang. Ninten kesaru sowanipun utusan saking Kumendan Kumpeni Pasuruhan tuan Panigro ngaturaken serat. Serat sampun tinampen, suraosipun: ngaturi pirsu jen anggenipun anggebag perang pradjurit tamping Balambangan menang, wadya Balambangan sampun sami nungkul. Ladjeng kesaru malih sowanipun utusanipun Kumendan Balengker ingkang gebag Balambangan, ngaturaken serat. Serat tinampen, suraosipun: ngaturi pirsu jen anggenipun anggebag Balambangan menang. Djanganipun pradjurit Bali sampun sami dipun tigasi sadaja. Ideler Semarang sanget bingan manahipun. Utusan kadawuhan wangsul kanti maringaken serat wangsulan.

Katjarijos Panigro Pasuruhan sampun nampi serat wangsulan saking Ideler Semarang, ingkang suraosipun maringaken trima kasih dateng lelabuhanipun Panigro. Panigro kainggehaken pangkat Kapitan, saha ladjeng katimbalan sowun Ideler. Panigro pamitan dateng Ngabel Surapringga jen bade sowan Ideler. Ladjeng meling supados ngatos-atos anggenipun andjagi Panarukan. Panigro nunten mangkat numpak kapal.

Katjarijos Kumendan Balengker kaadep sowanipun para mantri Balambangan, ninten kesaru sowanipun ingkang kautus saking Surabaya, ngaturaken serat wangsulan. Serat sampun tinampen, binuka suraosipun: Ideler maringaken trima kasih dateng lelabuhanipun Balengker, sarta dawuh supados ngatos-atos anggenipun andjagi Balambangan. Bilih wonten pradjurit saking Bali supados enggal lapur dateng Sakeber Surabaya. Balengker sapradjuritipun ladjeng bingah2 inum2an. Para mantri Balambangan Mas Anom sakantjanipun sami kadjundjung pangkatipun.

Sekar XXIV. Katja 70. Sinom 9 pupuh.

Jata wau tan kawarna,

Gentos katjarijos Panigro sampun sowan Ideler Semarang. Ideler Semarang meling dateng Panigro supados bendjing nelukaken Pupati Lumadjang. Sarta kadawuhan madosi turunipun Suro-pati, awit punika satruning Kumpeni. Panigro njendikani, ladjeng bibaran.

Sekar XXV. Katja 71. Asmaradana 23 pupuh.

Katjarijos lampahipun Panigro sampun dumugi Pasuruhan. Panigro sampun pinanggih Kumendan ing Pasuruhan, ngrembag keperluanipun, ladjeng nimbali Tumenggung Nitinagara. Sareng Tumenggung Nitinagara sampun sawan, dipun dawuhi andjagi Pasuruhan, awit Kumpeni bade kesah nelukaken Lumadjang. Tumenggung Nitinagara matur sandika, Kumpeni ladjeng bidal. Sareng lampahipun Kumpeni durugi Probolingga ladjeng mesanggrahan. Endjingipun rembagan lan Patih Probolingga ladjeng bidal dateng Lumadjang. Lampahipun Kumpeni Pasuruhan dipun bijantu wadyabala Madura lan Kumpeni Surabaya. Katjarijos lampahipun Kumpeni sawadyabalaripun sami dumugi tamping Lumadjang.

Sekar XXVI. Katja 72. Durma 21²⁰ pupuh.

Henengena kang naradjang barubuhan,

Pradjurit ingkang djagi Lumadjang sareng sumerep mengsah dateng ladjeng mladjeng ngaturi pira ing gustinipun. Adipati Lumadjang dawuh kinen wangsul mengsahaken perang. Pradjurit Lumadjang enggal wangsul metukaken mengsah, ladjeng dados perang rame. Wasana pradjurit Lumadjang sami mladjeng adjrih ningali tandangipun wedya Kumpeni.

Katjarijos Adipati Kartanagara sagarwa putranipun sampun sami mladjeng dateng redi.

Sekar XXVII. Katja 73. Dandanggula 32 pupuh.

Kawarnaa pan sampun alad,

Katjarijos lampahipun Adipati Lumadjang sagarwa putra minggah redi wangsul djurug, bansan menela sambatiipun, ingkang dipun adjeng2 petukan saking ingkang putra Adipati Malang. Dumadakan sang Adipati kaglundug ing djurug ngantos dados lan sedanipun, sijnengkalan: karna trusing lindu busi = th. 1692. Lajon karukti kekakta dateng Malang, wonten ing margi pinanggih para mantri petukan saking Malang. Boten dangu lampahipun sampun dumugi Kabupatèn Malang, lajon ladjeng kasarekaken.

Katjarijos Sutodjaja sakantjanipun mantri Lumadjang dalah tjang2ipun silit ladjeng sami teluk dateng Kumpeni. Sareng Kumpeni anggenipun daseki beteng sampun dados, pandjagininipun Lumadjang kapaerahaken para mantri Probolingga. Kumpeni ladjeng wangsul dateng Surabaja.

Katjarijos Ideler Semarang lenggah lan Sakebor, saweg etja ngendikan, kesaru sowanipun Panigro. Panigro ngaturi pira bilih pijambakipun sampun saged nelukaken Lumadjang. Dene Adipati Kartanagara sampun tiwas kaglundug ing djurug, Dene lajonipun ladjeng kekakta dateng Malang. Panigro ladjeng dipun dawuhi nelukaken Adipati Malang. Kinen ngrebagi kanti alas kawon. Ewadene narawi boten puran teluk kanti aris, inggih ladjeng kadawuhan anggebag perang. Kadjawi punika kadawuhan madosi satrija kalih ingkang dalem ing wana Lopura, nama Pangeran Singawari lan Pangeran Prabu. Satrija punika gadah putra pradjurit linangkung nama Paden Harja Prangwadana dalem ing Ngantang. Panigro dipun paringi kanti pradjurit Madura, Pasuruhan lan Surabaja. Panigro ladjeng pamit mundur.

Sekar XXVIII. Katja 76. Pangkur 44 pupuh.

Wonten malih kang kotjapa,

Katjarijos Susendan Kumpeni Madura sampun sowan Ideler, tampi dawuh kinen nelukaken Malang. Ladjeng dipun paringi rentjang Kumendan Pasuruhan lan pradjurit Kumpeni. Kumendan Madura natur sandika.

Ideler dawuh kinen nibali Tumenggung Tjondronagara saputranipun. Ingkang dipun timbali ugi ladjeng sami sowan. Ideler kundang putranipun Tumenggung Tjondronagara ingkang nama Djajanagara, perlu kadadosaken tindhing perang ngilurug dateng Malang. Pasowan ladjeng bibaran. Sadumuginipun dalem Tumenggung Tjondronagara ngundangaken pradjurit ing Surabaja supados sikep dedamel perang. Wasana kesaru datengipun Djurubasa utusanipun Ideler Semarang, katus mundut putranipun Djajanagara lan Patih Kaneman. Enggaling tjarijos Djurubasa, Djajanagara lan Patih Kaneman sampun sowan Ideler. Ideler ladjeng dawuh dateng Djajanagara lan Patih Kaneman kinen ngiring lampahipun Kumendan Madura anggebag nagari Malang. Ingkang dipun dawuhi inggih ladjeng bidal nitih kapal. Boten dangu lampahipun sampun dumugi tamping Bangil.

Katjarijos ingkang dados tindhhipun pradjurit Madura nama Brodjomenggala, Pulangdjiwa lan Djajapurusa, lampahipun sampun dumugi Pasuruhan bade bantu Kumpeni. Sareng pinanggih Kumendan Panigro ladjeng pirembaran bab lampahing perang. Boten dangu kesaru rawhipun Bupati Pasuruhan, nama Tumenggung Nitinagara. Panigro ngaturaken serat ingkang saking Ideler Semarang dateng Tumenggung Nitinagara. Serat sampun tinampen, ladjeng winaos.

Sekar XXIX. Katja 79. Asmarawana 34 pupuh.

Mangkana ungeling tulis,

Suraosing serat Tumenggung Nitinagara kalilan dados senapati perang anggebag nagari Malang. Sareng Panigro lan Tumenggung Nitinagara sampun tjekap rembagipun, ladjeng bibaran.

Panigro, Brodjomenggala, Pulangdjiwa lan Djajapurusa kangsen

éndjingipun bidal dateng tamping Malang, wasana ladjeng sami mesanggrihan.

Katjarijos Panigro sampun ngempelaken bala Kumpeni sikep dedamel.

Santor katjarijos Tumenggung Nitinagara lenggah tiyangkil kaadep Patih Sutonagara sapunggawanipun, ngrembag anggenipun bade anggebag Malang. Dene ingkang kadawuhan dados tjutjuking lampah Ngabei Martawidjaja.

Katjarijos Kumondan Madura sawadyanipun ingkang masanggrihan wonten mangil sampun bibar. Ladjeng bidal dateng Malang, kendel ing dusun Kamirahan.

Katjarijos nagari Pasuruhan sakalangkung wate djalaran saking katahipun pradjurit ingkang sami bade ardon perang.

Katjarijos ing wantji bangun endjing ing lodji sampun rame, saking katahipun pradjurit sami medal dateng alun2.

Katjarijos wadyabala Madura ingkang sami wonten alun2 ladjeng tata2 bidal.

Tumenggung Nitinagara ambidalakon wadyabala Pasuruhan.

Lampahipun pradjurit Kumpeni wonten tengah, Pasuruhan ngadjeng, Madura wingking.

Sekar XXX. Katja 81. Pangkur 24 pupuh.

Wus adangu kang lumampah,

Tumenggung Nitinagara, Kumpeni lan sawadyabalanipun sampun dimugi ing dusun Porong.

Katjarijos Bupati Porong punika sampun kabawah Sinuhun Salakarta (Surakarta).

Kumondan Kumpeni, Tumenggung Nitinagara sawadyabalanipun ladjeng damel patanggrihan wonten ing dusun Sempol.

Kumondan Madura, Panigro, Tumenggung Pasuruhan, Ngabei Brodjomengala, Hulandjiwa lan Djajansgara sampun pepanggrihan angrembag anggenipun bade anggebag Malang. Golonging rembag ladjeng kintun serat dateng Adireti Malang, ingkang suraosipun Adipati Malang supados nungkul dateng Kumpeni kanti aris kemawon. Ingkang kautus nglampahaken serat sampun bidal, kumpek kapal sasanderan.

Sekar XXXI. Katja 82. Sincan 43 pupuh.

Ki Adipati ing Malang,

Katjarijos Adipati Malang punika kaleres putranipun Raden Surapati. Kagungan putra nami Raden Ibrahim.

Tumenggung Malajakusuma Adipati Malang lenggah kaadep Patih Tirtanagara lan sapunggawanipun, kesaru sowanipun mantri ingkang djagi ngaturi pira jen mengesah Kumpeni sampun dateng. Ing ngriku sami pirembagan kados pundi saening tumindak. Dumadakan kesaru datengipun utusan saking Pasuruhan, ngaturaken seratipun Tumenggung Nitinagara lan Kumpeni. Serat sampun katiampi, suraosipun Adipati Malang supados kersa pepanggrihan lan Kumpeni. Menawi Adipati Malang kersa pepanggrihan lan Kumpeni, boten bade kagebag perang, nanging Kumpeni malah bade mituruti punapa panedanipun.

Adipati Malang ladjeng utusan adinipun mantri sekawan, ngaturaken serat wangsulan kanti segah daharan dateng Kumondan Kumpeni. Mantri sekawan pangkat, lampahipun sareng lan wangsulipun utusanipun Kumpeni.

Katjarijos Kumondan Kumpeni lenggah kaadep para Bupati mantja nagari, ngadjeng-adjeng katoraman anggenipun utusan ngaturaken serat dateng Adipati Malang. Wasana kesaru datengipun ingkang kautus saking Malang kanti ngiri utusanipun Adipati Malang, ngaturaken serat wangsulan kanti pisekah daharan. Seratipun Adipati Malang sampun dipun tampi Kumondan Kumpeni, suraosipun langkung saketja.

Sekar XXXII. Katja 86. Dandangula 43 pupuh.

Sapunika wiraosing tulis,

Ungeling serat, Raden Malajakusuma inggih Adipati Malang Bupatiipun Sincan ing Sala katur dumateng Kumondan Panigro, ngaturaken pisekah daharan minangka pratanda panungkulipun dateng Kumpeni. Dene nagari Malang sawulu pamedalipun kapasrahaken dateng Kumpeni. Adipati Malang trimah anggaduh kerawon. Namung bab anggenipun Adipati Malang kadawuhan pepanggrihan